



The University of the State of New York

WEDNESDAY, JUNE 12, 2013

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

9:15 A.M. to 12:15 P.M., ONLY

ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

Mèkredi 12 Jen 2013 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy komunikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy komunikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl la ak lèt enprime sou liy ki pi wo yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

Pati I an gen 50 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a gen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

Pati III B a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.


Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 an.

Koloni Amerik-di-Nò jouk nan ane 1650



Sous: Garraty and McCaughey,
*The American Nation: A History
of the United States to 1877*,
Harper & Row, 1987 (adapte)

- 1 Ki jeneralizasyon ki pi byen sipòte aklè nan enfòmasyon ki nan kat jewografik la?
 - (1) Pifò premye koloni ewopeyen yo te alwès Montay Apalach yo.
 - (2) Rivyè ak pò yo te jwe yon wòl prensipal nan pozisyon premye koloni yo.
 - (3) Se sèlman kolon olandè yo ki te rete lwen lakòt atlantik la.
 - (4) Gran Lak yo se te wout navigasyon enpòtan pou premye kolon yo.

- 2 Kreyasyon Chanm Bègès Virginia ak siyati Kontra Mayflower te montre kolon ameriken yo
- (1) te sipòte abolisyon esklavaj
 - (2) te pratike eleman gouvènman otonòm
 - (3) te ankouraje edikasyon piblik
 - (4) te egzije pou gen endepandans imedyat

- 3 Ki de (2) eleman prensipal gouvènman ki nan Deklarasyon Endepandans lan?
- (1) dominasyon majorité ak dwa minorité
 - (2) sifraj inivèsèl ak endepandans lajistis
 - (3) demokrasi dirèk ak egalite pou fanm yo
 - (4) konsantman gouvènè yo ak dwa natirèl

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 4.

... Nou, Asanble Jeneral Virginia, nou deklare, yo pa dwe fose okenn moun pou frekante oswa sipòte nenpòt kèlkeswa lokal Kilt oswa Ministè reliye, ni yo pa dwe ranfose, mete restriksyon, agrese, oswa akable [pèsekite] li nan kò li oswa nan byen li posede, ni moun nan pa dwe soufri sou kont pwendvi oswa kwayans reliye li, men tout moun dwe libelibè pou pratike, epi dapre agiman, pou konsève pwendvi yo nan zafè reliyon, epitou menm bagay la pa dwe nan okenn kondisyon [fason] diminye, agrandi, oswa afekte kapasite civil yo....

— Virginia General Assembly, 1779

- 4 Prensip ki eksprime nan lwa ki pwopoze a te fè pati tou nan
- (1) desizyon sou pwosè Zenger
 - (2) Plan Inyon Albany
 - (3) Premye Amannman
 - (4) Lwa sou Etranje ak Sedisyon

-
- 5 Ki pi gwo pwoblèm yo te fè deba sou li nan Konvansyon Konstitisyonèl la nan ane 1787 epi ki te kontribiye dirèkteman nan kòmansman Lagè Sivil la?
- (1) kontwòl komès ant eta yo
 - (2) detèminasyon kalifikasyon pou moun ki gen fonksyon federal
 - (3) dire manda fonksyon prezidan an
 - (4) ekilib pouvwa ant eta yo ak gouvènman nasyonal la

- 6 Konstitisyon Etazini ak konstitisyon Eta New York detèmine fòm gouvènman repiblik yo paske yo chak prevwa
- (1) yon fòs lame pèmanan
 - (2) reprezantan ki pase nan elekson
 - (3) kontwòl sou mas monetè a
 - (4) yon sistèm pouvwa enplisit

- 7 Kisa ki te premye opozisyon Anti-Federalis yo nan ratifikasyon Konstitisyon an?
- (1) Yo te kont yon lejislati ki gen de chanm.
 - (2) Yo te kwè dwa moun yo pa t pwoteje.
 - (3) Yo te pè yon gouvènman santral fèb.
 - (4) Yo te vle bay plis pouvwa pou branch egzekitif la.

Sèvi ak ekstrè ki sòti nan Konstitisyon Etazini an ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 8 la.

Privilèj demann abeyas kòpous pa dwe sispann, sof lè gen ka rebelyon oswa envazyon, sekirite piblik ka egzije sa.

— Article I, Section 9

... epi pa dwe gen garanti, men si gen kòz pwobab, deklarasyon sou sèman oswa konfirmasyon ki sipòte, epi sitou ki dekri kote pou fè fouy la, epitou yo dwe sezi moun nan oswa bagay yo.

— Amendment IV

- 8 Ki konsèp konstitisyonèl debaz ki endike nan chak nan dispozisyon sa yo?
- (1) ekilib libète chak moun ak bezwen pou gen lòd nan sosyete a
 - (2) separasyon pouvwa ant Sena a ak Chanm Reprezantan yo
 - (3) garanti tretman gwoup minorité yo egalego
 - (4) bay fleksibilite pou satisfè demann k ap chanje nan kloz fleksib
-

- 9 Dapre Konstitisyon an, prezidan an gen obligasyon pou
- (1) siyen pwojè-lwa Kongrè a adopte oswa pou li mete veto sou yo
 - (2) detèmine tarif taks sou revni
 - (3) revize desizyon Tribunal Siprèm
 - (4) ogmante lajan pou pati politik yo
- 11 Nan pwosè *Marbury v. Madison* (1803), Tribunal Siprèm te pran yon desizyon ki pa t janm la anvan pou
- (1) revizyon jidisyè
 - (2) pwosesis akizasyon pou fonksyonè sivil yo
 - (3) fonksyon avi pou jij Tribunal Siprèm yo
 - (4) pwosedi ratifikasyon trete

Sèvi ak ekstrè anba la a ki sòti nan diskou Nasyon Chiwoki ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 10 lan.

Chiwoki: Prezidan Etazini an te voye mwen, avèk yon fòs lame puisan, pou defann kòz ou, pou obeyi trete 1835 lan, pou fè yon sèl avèk pati pèp ou a ki déjà tabli nan pwosperite sou lòt bò Mississippi a. Malerezman, dezan yo te bay pou objektif la, ou te soufri pou mouri san ou pa t swiv preparasyon yo, epitou san ou pa fè okenn preparasyon pou swiv; epi kounye a, oswa nan moman diskou fòmèl sa a dwe rive nan koloni ki lwen yo, emigrasyon an dwe kòmanse vit, men, mwen swete sa, san dezòd. Mwen pa gen pouvwa, pou bay yon lòt dèle, pou korije erè ou te fè a. Plèn-lin mwa a déjà diminye [bese]; epi anvan yon lòt moun te dwe mouri, chak gason Chiwoki, chak fanm Chiwoki, ak chak timoun Chiwoki, ki nan eta sa yo, dwe an mouvman pou fè yon sèl avèk frè yo nan fawès la....

— General Winfield Scott, 1838

- 10 Rezulta imedyat aksyon an te egzije nan pasaj sa a se te
- (1) kreyasyon Rezo pou Fè Esklav yo Mawon
 - (2) ogmantasyon dwa Ameriken Natifnatal yo
 - (3) kòmansman mach Trail of Tears pou ale nan Teritwa Oklahoma
 - (4) rapwochman Ameriken Natifnatal yo nan kilti prensipal ameriken
-

- 11 Nan pwosè *Marbury v. Madison* (1803), Tribunal Siprèm te pran yon desizyon ki pa t janm la anvan pou
- (1) revizyon jidisyè
 - (2) pwosesis akizasyon pou fonksyonè sivil yo
 - (3) fonksyon avi pou jij Tribunal Siprèm yo
 - (4) pwosedi ratifikasyon trete
- 12 Ekspedisyon Lewis ak Clark (1803–1806) te enpòtan paske li
- (1) detèmine premye chemennfè trans-kontinantal
 - (2) te louvri tout wout navigab pou mennen nan Gòlf Meksik la
 - (3) te retire menas Britanik yo nan Teritwa Nòdwès la
 - (4) te bay plis kompreyansyon pou zòn ki te nan Acha Lwizyàn

Sèvi ak deklarasyon ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 13 la.


... Tout fòs lame Eta a nan sèvis yon Mesye Suttle, yon pwopriyetè esklav nan Virginia, pou pèmèt li kaptire yon moun li rele byen prive li; men li pa ofri okenn sòlda pou sove yon sitwayen Massachusetts kont kidnaping! Èske se sa tout sòlda yo, tout antrènman sa a, te ye pandan ventnèf ane pase sa yo [depi kòmansman revolisyon ameriken an]? Èske yo te antrene sèlman pou vòlè Meksik avèk zam epi pou yo mennen esklav mawon yo tounen ba mèt yo?...

— Henry David Thoreau, Independence Day speech at Framingham, Massachusetts

- 13 The author of this statement is expressing dissatisfaction with a provision included in the
- (1) Trete Ghent (1815)
 - (2) Trete 1846 Oregon
 - (3) Konpwomi 1850
 - (4) Lwa Kansas-Nebraska (1854)
-

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 14 ak 15.

Sibvansyon Teren Federal pou Chemennfè jouk nan ane 1871



Sous: Robert A. Divine et al., *America Past and Present*, Scott, Foresman and Company, 1987 (adapte)

14 Ki konklizyon ki pi sipòte aklè nan enfòmasyon ki nan kat jewografik la?

- (1) Konviksyon nan lesefè te anpeche gouvènman federal la ede chemennfè yo.
- (2) Gouvènman federal te ankouraje konstwiksyon chemennfè trans-kontinental.
- (3) Chemennfè oksidantal yo te kreye yon ti pwofi pou pwopriyetè yo.
- (4) Konpayi chemennfè yo te dwe achte teren yo te bezwen pou konstwiksyon.

15 Kisa ki te yon rezulta konstwiksyon chemennfè ki endike nan kat jewografik la?

- (1) Yon mache nasyonal te devlope nan Etazini.
- (2) Opòtinite min ajan ak min lò te diminye.
- (3) Konpayi chemennfè yo te bay teren gratis pou kolon yo.
- (4) Izin asye yo te chanje lokal pou sòti nan rejon Gran Lak yo pou ale nan eta Montay Wochez yo.

16 Plan Prezidan Abraham Lincoln pou Rekonstwiksyon apre Lagè Sivil la te gen ladan


- (1) reparasyon kondisyon sosyal ki te egziste anvan lagè a te kòmanse
- (2) fè pwosè pou ansyen dirijan konfedere yo
- (3) detwi pouvwa ekonomik ak sosyal plantè Sid yo
- (4) reyini nasyon an san pèdi tan

17 Apre Lagè Sivil la, moun lib ki nan Sid la te gen pwoblèm pou amelyore kondisyon ekonomik yo paske

- (1) yo te entèdi alfabetizasyon fòmèlman pou moun ki te esklav yo
- (2) migrasyon travayè izin ki te sòti nan vil Nò yo te kreye konpetisyon pou djòb yo
- (3) gouvènman federal te sezi sibvansyon 40 ak tè yo
- (4) sistèm meteyaj la te kenbe yo nan yon sik povrete

Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 18.

LAGÈ SEN FANM Gran Chanjman nan Travay Lennmi



Sous: Currier and Ives, c. 1874, Library of Congress (adapté)

18 Komik sa a montre sipò pou

- (1) kwazad popilis la
 - (3) Pwoyibisyon nasyonal
 - (2) dwa fanm yo pou vote
 - (4) tarif pwoteksyonis
-

19 Nan dezyèm miwatye ane 1800 yo, ki devlopman ki te mennen nan lòt twa (3) yo?

- (1) agrandisman machin politik yo
- (2) ogmantasyon vil ameriken yo
- (3) devlopman ansyen lojman yo
- (4) ogmantasyon nan krim

20 Kowolè Roosevelt (1904) nan Doktrin Monroe te pwoklame dwa Etazini pou

- (1) entèvni nan zafè entèn peyi Amerik Latin yo
- (2) enpoze restriksyon komèsyal sou empòtasyon ewopeyen yo
- (3) ankouraje demokrasi nan Afrik
- (4) detèmine fwontyè ant Alaska ak Kanada

21 Nan kòmansman 20yèm syèk la, journalis endependan yo te kapab enfliyanse soyete ameriken an sitou lè yo te

- (1) òganize manifestasyon nan gwo vil yo
- (2) kontribiye nan kanpay pou eleksyon prezidan
- (3) fè lòbi pou manm Kongrè a
- (4) ekspoze koripsyon nan biznis ak nan gouvènman an

22 Ki deklarasyon sou Square Deal (Tretman Jis) Prezidan Theodore Roosevelt ki se yon pwendvi alaplas yon reyalite?

- (1) Square Deal te gen ladan politik pou ogmante kontwòl chemennfè.
- (2) Pwoteksyon Konsomatè se te yon eleman Square Deal.
- (3) Politik Square Deal te fè diferans ant machandiz ak move konfyans.
- (4) Square Deal te sipyè avèk nenpòt lòt pwogram prezidan.

23 “Gouvènè a Te Gen Lavikta nan Eleksyon Rapèl”

“Referandòm ki te Fèt nan Limit Manda a”

“Konsèvasyonis yo Pwopoze Pwogram sou Pak Nasyonal yo”

Tout gwo tit sa yo se egzanp refòm Epòk Pwogresif ki deziyen pou

- (1) mete plis pouwva nan men elektè yo
- (2) ranfòse pouwva lejislati eta a
- (3) diminye fwa Eta yo epi ogmante pouwva federal la
- (4) retire gwoup etnik espesyal yo nan pwoesis politik la

24 Pandan Premye Gè Mondyal la, kisa ki te objektif Prezidan Woodrow Wilson nan prezantasyon Katòz Pwen yo?

- (1) mande Kongrè a finansman siplémentè pou efò lagè a
- (2) sijere yon plan pou lapè pou evite fiti lagè
- (3) pwopoze pwosè pou krim lagè pou dirijan peyi lennmi yo
- (4) mande alyans militè kont peyi agresè yo

25 Pwosè Scopes ak dosye Sacco ak Vanzetti te konsène

- (1) konfli sou pèn kapital
- (2) konfli sou valè kiltirèl
- (3) pwotestasyon dirijan tanperans yo
- (4) kontestasyon pou pwotection kont fous ak kapti

26 Pwosperite Etazini nan mitan ane 1920 yo te sòti an pati nan

- (1) ogmantasyon demann pou novo byen konsomasyon
- (2) sendika yo te negosye kontra ki peye gwo salè
- (3) pri nan bitasyon agrikòl yo rive nan ogmantasyon rekò
- (4) ogmantasyon kontwòl gouvènman an sou ekonomi an

Sèvi ak foto ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 27.

Kabàn Fòs lame boule sou platfòm Anacostia, Washington, D.C., apre fòs lame te atake yo, 1932. Kapitòl la nan fon an.



Sous: National Archives (adapte)

27 Anpil Ameriken te reponn nan foto yo tankou sa a lè yo te

- (1) kont sibvansyon gouvènman an pou lojman pou moun ki pa touche ase lajan
- (2) mande Kongrè a pou diminye finansman pou Administrasyon Veteran yo
- (3) mande lwa pou ogmante pouwwa fòs lame
- (4) kritike gouvènman an pou fason li trete veteran Premye Gè Mondyal la

Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 28.



Sous: Carey Orr, *Chicago Tribune*, 1934 (adapte)

28 Ki deklarasyon ki eksprime pwendvi imoristik la avèk plis presizyon?

- (1) Pwogram Nyoudil yo menase peyi a.
- (2) Pifò Ameriken sipòte pwogram Nyoudil yo.
- (3) Desizyon Tribunal Siprèm yo anile pwogram Nyoudil yo.
- (4) Pwogram Nyoudil yo konsantre sou refòm nan swen sante a.

Katastwòf Tanpèt Pousyè

Nan dat 14 avril 1935,

Te gen pi grav frap tanpèt pousyè ki te janm ranpli syèl la.

Ou te kapab wè tanpèt pousyè a k ap vini, nyaj yo te sanble avèk nwa lanmò,

Epi nan nasyon puisan nou an, li te rete yon trajektwा terib. . . .

Tanpèt la te fèt lè solèy la t ap kouche, li te dire pandan tout lannwit lan,
Lè nou te gade deyò nan pwochen maten an, nou te fè yon obsèvason terib.
Nou te wè deyò fenèt nou an kote chan ble yo te grandi
Te kounye a yon oseyan pousyè ondilasyon van an te soufle.

Li te kouvri kloti nou yo, li te kouvri granj nou yo,

Li te kouvri traktè nou yo nan tanpèt sovaj ak pousyè a.

Nou te chaje vye vwati nou yo epi nou te anpile fanmi yo nan,

Nou te sekwe otowout la pou nou pa t janm retounen ankò.

— Woody Guthrie

29 Ki rejyon Etazini ki te afekte pi dirèkteman nan sitiyasyon ki dekri nan chante sa a?

- | | |
|-----------------|-----------------------|
| (1) Sidès | (3) Gran Plèn yo |
| (2) Gran Lak yo | (4) Nòdwès Pasifik la |

30 Yo te ekri chante lirik sa yo sou moun ki te vin

- (1) meteye ki te nan Sid la
- (2) travayè agrikòl migran ki te sou Lakòt Lwès la
- (3) pechè ki te nan New England
- (4) minè chabon ki te nan vale Riviè Ohio

31 Antre Etazini nan Dezyèm Gè Mondyal la te fèt anvan

- (1) efò Prezidan Franklin D. Roosevelt te fè avèk siksè pou mete yon pwen final nan Olokos la nan Ewòp
- (2) itilizasyon prezidansyèl twoup Etazini yo san otorizasyon nan peyi Japon
- (3) èd ameriken pou ede Grannbretay defann tèt li kont agresyon alman an
- (4) lwa ki ankouraje imigrasyon refijye lagè yo

32 Kòm yon rezulta prezidans Franklin D. Roosevelt, Konstitisyon an te amande pou

- (1) korije pwoblèm yo avèk kolèj elektoral la
- (2) diminye laj pou vote a dizuit ane
- (3) limite kantite manda yon moun kapab sèvi kòm prezidan
- (4) mete yon pwen final nan itilizasyon taks lokal yo nan elekson pou prezidan


33 Anprizònman Japonè-Ameriken pandan Dezyèm Gè Mondyal la montre

- (1) yo kapab depanne Tribinal Siprèm pou defann dwa sivil yo
- (2) gouvenman an souvan meprize menas pou sekirite nasyonal
- (3) gwoup minoritè yo pa gen pèmisyon pou anwole nan fòs lame Etazini
- (4) libète sivil yo limite pafwa nan moman kriz nasyonal

34 Apre Dezyèm Gè Mondyal la, kisa ki te yon rezulta enpòtan Lwa sou Re-Ajisteman Militè yo [(GI Bill), Deklarasyon Dwa Sòlda]?

- (1) Anpil veteran te ale nan kolèj.
- (2) Demann pou lojman te diminye.
- (3) Endistri ladefans te anboche plis fanm.
- (4) Fanm yo te vin kalite pou sèvis militè.

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 35 lan.



Sous: Thomas A. Bailey, *A Diplomatic History of the American People*, Prentice Hall, 1980

35 Ki konklizyon ki sipòte nan enfòmasyon yo bay sou kat jewografik sa a?

- (1) Nasyonzini te kapab gen viktwa nan lagè lè li te voye twoup li yo nan Rivyè Yalu.
 - (2) Kore-di-Sid pa t janm an danje pou Kore-di-Nò gen laviktwa sou li.
 - (3) Lagè a te fè yon ti bagay pou chanje divizyon teritwa Kore.
 - (4) Lachin te refize ede Kore-di-Nò.
-

36 Menas enfliyans kominis yo te remake nan Etazini pandan ane 1950 yo te ankouraje Kongrè a

- (1) entèdi etidyan etranje yo
- (2) abwoje sèman fidelite
- (3) depòte sitwayen ki te kominis yo
- (4) mennen ankèt sou senpatizan kominis ki sisipèk yo

37 Rezolisyon Gòlf Tonkin (1964) te bay sipò Kongrè a pou

- (1) sòti nan Etazini
- (2) agrandi Alyans lan pou Pwogrè
- (3) ogmante aksyon militè nan Vyetnam
- (4) re-detèmine komès avèk Kiba

Sèvi atik jurnal ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 38 la.

KENNEDY TE AVÈTI MALÈ LESPAS

Gwooup Travay la Di Sovyetik yo Pral Pètèt Obite Moun An Premye — Mane Re-Òganizasyon

Otè: W. H. Lawrence

Espesyal pou The New York Times.

PALM BEACH, Fla., 11 Janvye

— Yon gwooup travay sou pwogram lespas te avèti Prezidan ki te pase nan eleksyon an, John F. Kennedy jodi a pou yo fè li konnen Etazini te an reta dèyè Inyon Sovyetik nan misil balistik ak nan domèn eksplorasyon espasyal.

Gwooup la te di reta nan devlopman fize sipò puisan te fè li “pa posib ditou pou noun dwe premye nan plasman yon moun nan òbit ki toutotou latè.”

Sous: *New York Times*, January 12, 1961 (adapte)


- 38 Prezidan Kennedy te reponn nan avètisman tankou sa a lè li te
- (1) pwomèt pou fè eksplorasyon nan Mas ak nan lòt planèt toupre yo
 - (2) mande Kongrè a pou finanse teleskòp Hubble
 - (3) pwomèt pou mete yon gason sou Lalin nan yon deseni
 - (4) asosye avèk Inyon Sovyetik nan bati yon estasyon espasyal

- 39 Yon objektif prensipal pwogram Gran Sosyete Prezidan Lyndon B. Johnson se te pou
- (1) ogmante pwodiksyon agrikòl la
 - (2) bay èd pou peye k ap devlope yo nan Afrik
 - (3) adopte pwogram asistans sosyal pou mete yon pwen final nan povrete
 - (4) agrandi dimansyon fòs lame

Sèvi ak paj kouvèti magazin ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 40.



Sous: *Time*, June 28, 1971



Sous: *Newsweek*, July 30, 1973

- 40 Kisa ki te yon rezulta evènman ki endike nan paj kouvèti sa yo ki nan magazin nan?
- (1) Anpil Ameriken te pèdi konfyans nan gouvènman yo.
 - (2) Tribunal Siprèm te pran desizyon anfavè aksyon prezidan an.
 - (3) Libète laprès te limite.
 - (4) Prezidan Richard Nixon te pèdi nan kandidati li pou re-éléksyon.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 41.

... Istoryen k ap chèche nan epòk nou an ap note restriksyon konsistan ak entansyon pasifik Lwès la. Y ap note se te demokrasi ki te refize itilize menas monopòl nikleyè yo nan ane karant yo ak nan kòmansman ane senkant yo pou gen teritwa oswa enperyal. Si monopòl nikleyè te nan men lemonn kominis la, kat jewografik Ewòp—toutbon, lemonn—ta sanble yon fason diferan jodi a. Epi sètènman, y ap note se pa t demokrasi yo ki te anvayi Afganistan [nan ane 1979] oswa ki te siprime Solidarite Polonè a oswa ki te itilize lagè chimik ak toksin nan Afganistan ak nan Sidès Azi....

— President Ronald Reagan, speech to British House of Commons, June 8, 1982

41 Ki atitud sou rivalite Gèfwad Prezidan Ronald Reagan eksprime nan diskou li a?

- (1) Aksyon peyi kominis yo pou jwenn fwontyè yo te pote estabilite pou Ewòp.
- (2) Etazini pa t fè efò pou pouswiv ko-egzistans nan lapè avèk peyi kominis yo.
- (3) Efò pou redui konpetisyon zam nikleyè te lakòz yon bès nan depans pou ladefans.
- (4) Peyi kominis yo, pa demokrasi oksidantal yo, te menase lapè nan lemonn.

42 Prezidan Ronald Reagan ak Prezidan George W. Bush te gen men konviksyon ki endike rediksyon nan taks yo ta ka lakòz

- (1) yon rediksyon nan ekspòtasyon yo
- (2) kwasans ekonomi an
- (3) yon ogmantasyon nan biwokrasi federal la
- (4) yon ogmantasyon nan chomaj

43 Nan pwosè *New Jersey v. T.L.O.* (1985) ak *Vernonia School District v. Acton* (1995), Tribunal Siprèm Etazini te deside

- (1) yo ka limite dwa elèv yo nan lekòl
- (2) fouy nan kazyé elèv yo pa konstitisyonèl
- (3) lekòl leta yo gen dwa pou ankouraje lapriyè nan lekòl
- (4) lekòl yo dwe jwenn yon lòd tribunal pou aplike tèt dwòg

Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 44 la.



Sous: Bob Unell, *Kansas City Star*, in Charles Brooks, ed., *Best Editorial Cartoons of the Year, 2005 Edition*, Pelican Publishing

44 Ki devlopman ki se sijè komik sa a?

- (1) ogmantasyon nan komès ant Etazini ak Sidès Azi
- (2) sou-tretans djòb ameriken nan peyi etranje yo
- (3) abandon akò komès lib avèk lòt peyi yo
- (4) peman pi gwo salè pou travayè peyi etranje yo

45 Kisa ki te objektif prensipal Lwa Antitwòs Sherman (1890) ak Lwa Antitwòs Clayton Antitrust (1914)?

- (1) rediksyon patisipasyon gouvènman an nan ekonomi a
- (2) ankourajman konpetisyon san patipri ant biznis yo
- (3) garanti dwa pou negosyasyon an gwoup
- (4) ogmantasyon enpòtasyon etranje

46 Ki aksyon yo te ka konsidere kòm yon egzanp itilizasyon konstitisyon ki pa ekri?

- (1) ratifikasyon 19yèm amannman nan ane 1920
- (2) deklarasyon lagè kont Japon nan ane 1941
- (3) adopsyon Lwa 1964 sou Dwa Sivil yo
- (4) reyinyon kabinè a sou demann Prezidan Bill Clinton nan ane 1993

- 47 Ogmantasyon nan utilizasyon otomobil nan ane 1920 yo ak Lwa 1956 sou Otowout Entè-Eta te kontribiye nan
- (1) agrandisman vil andedan yo
 - (2) yon ogmantasyon nan imigrasyon
 - (3) kwasans banlye yo
 - (4) yon re-kòmansman nan vwayaj nan tren
- 48 Ki deklarasyon ki se yon jeneralizasyon valab sou imigrasyon nan Etazini?
- (1) Yo te ankouraje imigrasyon azyatik pandan tout 20yèm syèk la.
 - (2) Kèk restriksyon sou imigrasyon ewopeyen te egziste anvan ane 1920.
 - (3) Konstitisyon orijinal la te mete limit sevè sou imigrasyon.
 - (4) Politik federal sou imigrasyon pa t chanje depi ane 1900.
- 49 Ki deklarasyon ki pi byen dekri yon enkyetid John Muir, Theodore Roosevelt, ak Rachel Carson te genyen an komen?
- (1) Dwa moun andikape yo pa respekte.
 - (2) Refòm nan finans kanpay nesesè pou amelyore gouvènman an.
 - (3) Yo dwe pwoteje anviwònman natirèl la.
 - (4) Kwasans defisi bidjè federal la se yon menas pou nasyon an.
- 50 Lig Nasyon ak Nasyonzini te fòme avèk objektif pou
- (1) evite lagè nan negosyasyon nan lapè
 - (2) entèdi devlopman zam nikleyè
 - (3) kontwole sistèm monetè lemonn
 - (4) sipòte devlopman demokrasi a
-

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Politik Etranje — Enterè Nasyonal

Pandan tout istwa Etazini, objektif prensipal politik etranje se te pou pwoteje enterè nasyon an. Etazini te fè aksyon politik militè ak politik ekonomik pou reyalize objektif sa a. Aksyon sa yo te pèmèt gen anpil degré siksè.

Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** aksyon politik militè **ak/oswa** politik ekonomik Etazini te fè pou pwoteje enterè nasyonalis yo epitou pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz aksyon an
- Diskite sou limit aksyon sa a te gen siksè nan pwoteje enterè nasyonal yo

Ou ka itilize nenpòt aksyon politik etranje militè ak/oswa ekonomik Etazini te fè pou pwoteje enterè nasyonal li yo. Kèk sijesyon ou ta ka konsidere se batay Lagè Meksiken-Ameriken (1846–1848), deklarasyon lagè kont Espay (1898), aplikasyon Politik Pòt-Louvri (1899), konstwiksyon Kanal Panama (1904–1914), egzekisyón Plan Machal (1947–1952), konfli Sovyetik yo pandan kriz misil kiben an (1962), batay Lagè Vyvetnam (1964–1973), ak batay Lagè Gòlf Pèsik (1990–1991).

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Pa ekri sou Konfederasyon pandan Lagè Sivil la kòm youn nan egzanp ou yo.

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik ak klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Nan developman repons pou Pati II a, asire ou pou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pou pale osijè bagay la”**
- (b) **diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”**

Nan developman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pou pale osijè bagay la”
- (b) diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li. Kesyon an la pou teste konesans ou pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nempòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje lang nou itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik pou tan dokiman an te ekri a.

Kontèks Istorik:

Pandan tout istwa Etazini, Tribunal Siprèm Etazini te pran desizyon nan pwosè prensipal ki asosye avèk libète civil Ameriken Nwa yo. Diskisyon sa yo te gen yon konsekans enpòtan sou nasyon an. Kèk nan pwosè sa yo se te **Dred Scott v. Sanford (1857)**, **Plessy v. Ferguson (1896)**, ak **Brown v. Komisyon Edikasyon Topeka (1954)**.

Sa pou fè: Itilize enfòmasyon ki sòti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** pwosè Tribunal Siprèm ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Dekri sikostans istorik ki te lakòz pwosè a
- Diskite sou konsekans desizyon Tribunal Siprèm sou Etazini ak/oswa sou sosyete ameriken an


Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1a

Konpwomi Missouri 1820



Sous: <http://voteview.com>, University of California, San Diego (adapte)

Dokiman 1b

... Apre kriz Missouri a, li pa t posib ankò pou fè tankou Etazini se te yon nasyon senp ki te gen yon seri senp enterè nasyonal. Menmsi politisyen ki nan Nò ak Sid t ap travay di sou pwochen de (2) deseni yo pou sprime zafè esklavaj la nan deba nasyonal pou yo pa lakòz yon kwen ki twò fon ant zèl nò ak zèl sid toulède pati nasyonal yo, sosyete pwopriyetè esklav yo ta nan konfli depi lè sa a avèk sosyete travay lib la....

Sous: Robert Kagan, *Dangerous Nation: America's Foreign Policy from Its Earliest Days to the Dawn of the Twentieth Century*, Alfred A. Knopf, 2006

- 1 Dapre dokiman sa yo, kisa ki te **de (2)** konsekans Konpwomi Missouri te genyen sou nasyon an? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 2

Prezidan Tribunal Siprèm Roger Taney te ekri pifò pwendvi a nan pwosè *Dred Scott*.

... Desizyon Taney, ki te reprezante Tribunal la nèt, non sèlman te konfime abwogasyon Konpwomi Missouri ki te reyalize dapre Lwa Kansas-Nebraska, men tou te konteste konsèp souverènte popilè nan nenpòt teritwa Lwès. Jan Senate Sid la, John C. Calhoun te fè konnen, Taney te déklare nenpòt mouvman pou bloke dwa pwopriyetè esklav yo pou posede esklav nan yon teritwa te vyole kloz pwosedi jis Senkyèm Amannman an. Sipòtè esklavaj yo te kontan pou desizyon an, alòske moun ki te kont ogmantasyon esklavaj la te konsidere travay Taney kòm yon lòt prèv ki montre politik nasyonal yo te anba kontwòl apolojis Sid [defansè esklavaj yo] seryezman. Alafen, pwosè *Dred Scott* te sèlman facilite flanm mefyans gwooup ki te deja ap grandi....

Sous: Jeffrey W. Coker, *Presidents from Taylor Through Grant, 1849–1877: Debating the Issues in Pro and Con Primary Documents*, Greenwood Press, 2002

- 2 Dapre Jeffrey W. Coker, kisa ki te **yon** konsekans desizyon nan pwosè *Dred Scott*? [1]

Score

Dokiman 3a

Sa a se yon ekstrè nan diskou Frederick Douglass kote li te analize ak kritike desizyon Tribunal Siprèm nan pwosè *Dred Scott*.

... Desizyon avilisan [*Dred Scott*] sa zèl Tribunal Siprèm ki anfavè Posesyon Esklav te pran an konsève esklav yo nan kontanplasyon [sans] Konstitisyon Etazini an, pwopriyete; esklav yo se pwopriyete nan menm sans cheval, mouton, ak kochon se pwopriyete; ansyen doktrin ki endike esklavaj se yon kreyati lwa lokal se yon doktrin ki fo; dwa pou pwopriyetè esklav yo sou esklav li pa depannde lwa lokal, men li pwoteje kèleswa lè Konstitisyon Etazini an pwolonje li; Kongrè a pa gen dwa pou entèdi esklavaj okenn kote; esklavaj ka ale nan sekirite nenpòt kote anba banyè ki chaje etwal yo; moun nwa ki se desandan Afriken pa gen dwa moun blan yo dwe respekte; moun nwa ki se desandan Afriken yo pa epi yo pa kapab sitwayen Etazini....

Sous: Frederick Douglass, Speech on the *Dred Scott* Decision, May 1857

3a Dapre Frederick Douglass, kisa ki ta **yon** konsekans desizyon *Dred Scott*? [1]

Score

Dokiman 3b

... Twazyèm istwa [*Dred Scott*] konsène politik esklavaj ak kòmansman Lagè Sivil la. Desizyon Tribunal Siprèm nan te lakòz gwo reyakson politik, sitou nan Nò a. Li te detwi nenpòt chans pou gen yon akò ant Nò ak Sid sou esklavaj la nan teritwa yo. Li ta eggajere pou di desizyon *Dred Scott te lakòz* Lagè Sivil la. Sa te sètènman pouse nasyon an lwen toupre lagè a. Desizyon an te jwe yon wòl enpòtan nan monte Abraham Lincoln kòm kandida Pati Repiblikan an pou prezidan nan ane 1860 ak elekson li pita nan ane sa a. Poutèt sa te prepare etap pou seseson ak lagè sivil la....

Sous: Paul Finkelman, *Dred Scott v. Sandford [Sanford]: A Brief History with Documents*, Bedford Books, 1997

3b Dapre Paul Finkelman, kisa ki te **yon** konsekans desizyon *Dred Scott* sou nasyon an? [1]

Score

Dokiman 4

TRANSPÒ PASAJE.

Ak III, 1890, paj. 152

... SEKSYON 1. **Aranjman Apa, elatriye**—Tout konpayi chemennfè ki pote pasaje nan otoka yo nan Eta sa a, dwe bay aranjman egalego men apa pou moun blan yo, ak ras koulè yo [Ameriken Nwa] yo, lè yo bay de (2) oswa plis otoka pasaje pou chak tren ki gen pasaje, oswa lè yo separe otoka ki gen pasaje yo dapre yon patisyon tankou pou jwenn aranjman apa; *depi* yo pa dwe entèprete seksyon sa a kòm yon seksyon pou aplike chemennfè lari. Yon moun oswa anpil moun, pa dwe jwenn pèmisyon pou chita nan otoka yo, ki diferan avèk otoka ki afekte pou yo sou kont ras yo fè pati a....

Sous: *Revised Laws of Louisiana*, F. F. Hansell & Bro.

- 4 Dapre dokiman sa a, kisa ki te **yon** konsekans lwa Lwizyàn sa a sou Ameriken Nwa yo? [1]

Score

Dokiman 5

Sa a se yon ekstrè nan yon atik Booker T. Washington te ekri pou li te bay repons pou desizyon nan *Plessy v. Ferguson*.

... Kounye a, pwen tout atik sa a se pa pou pote yon plent kont moun oswa kont lwa "Jim Crow Car", men se senpleman pou di yon lwa enjis nuizib pou moun blan yo, epi li se deranjman pou nèg yo [Ameriken Nwa]. Okenn ras pa kapab fè yon lòt ras mal senpleman paske li gen pouvwa pou fè sa, san yo pa joure li yon fason pèmanan nan moral, ak lide jistis li. Nèg la kapab sipòte deranjman an pou yon ti tan, men chòk pou moun blan an se yon chòk ki pèmanan. Se sa ki lakòz mal ki nuizib la, alaplas sa ki viktim Se pou moun blan an sove tèt li kont nan degradasyon m ap defann nan.


Si yon moun blan vòlè bilten yon nèg, se moun blan an ki pran chòk pèmanan. Lanmò fizik vini sou nèg yo lenche—lanmò moral yo—lanmò nanmap—vini sou moun blan ki fè lenchaj la....

Sous: Louis R. Harlan, ed., *The Booker T. Washington Papers, Volume 4: 1895–98*, University of Illinois Press, 1975


- 5 Dapre Booker T. Washington, kisa ki ta **yon** konsekans desizyon *Plessy v. Ferguson* sou soyete blan an? [1]
-
-

Score

Dokiman 6



Sous: Marion Post Walcott, photographer,
October 1939, Library of Congress



Sous: Dorothea Lange, photographer, June 1937,
Library of Congress

6 Dapre foto sa yo, kisa ki te **yon** konsekans desizyon *Plessy* sou sosyete ameriken an? [1]

Score

Dokiman 7a

Depans pou Chak Elèv nan Eta Sid Chwazi yo, Ane Akademik 1939–1940

Eta	Depans pou Chak Elèv	
	Moun blan	Nèg
Alabama	\$47.59	\$14.63
Arkansas	36.87	13.73
Florida	69.76	26.95
Georgia	55.56	16.95
Louisiana	77.11	20.49
Mississippi	52.01	7.36
North Carolina	46.02	28.30
South Carolina	57.33	5.42
Texas	72.72	28.49
Mwayèn	\$58.69	\$18.82

Nòt: Done yo baze sou prezans mwayen pa jou.
(Mwayèn depans total la pa egal a sòm mwayèn eta yo.)

Sous: Jaynes and Williams, eds.,
A Common Destiny: Blacks and American Society,
National Academy Press, 1989 (adapte)

7a Dapre tablo sa a, kisa ki te **yon** dezavantaj elèv Ameriken Nwa yo te jwenn nan eta sid yo nan kòmansman ane 1940 yo? [1]

Score

Dokiman 7b

Lèt sa a, se Topeka, Kansas, chapit NAACP ki te voye li ba òganizasyon nasyonal la.

5 Septanm 1950

Asosyasyon Nasyonal pou Avansman Moun Nwa
Depatman Legal
20 West 40th
New York City 18, New York

Mesye:

Mwen reprezante branch legal N.A.A.C.P., ki nan Topeka, Kansas, epi mwen vle ba ou enfòmasyon sou biwo kontwovès annatant ki egziste nan vil Topeka, ak lòt kote nan eta Kansas.

Men yon ti rezime sou enfòmasyon: Komisyon Edikasyon vil ki endike anwo a konsève epi li te konsève yon sistèm doub edikasyon pou timoun lekòl la ki nan klas moun nwa ak moun blan. Lè Komisyon an fè sa, yo aji anba yon lwa eta Kansas ki bay yo pèmisyon.

Timoun blan yo gen plizyè distri; kèk timoun nwa ap viv nan distri sa yo, epi paran yo posede pwopriyete nan distri sa yo. Men, timoun nwa yo gen entèdiksyon pou yo frekante lekòl ki nan distri sa yo, epi yo gen obligasyon pou kite lakay yo pou ale nan yon otobis (se Komisyon Edikasyon an ki bay otobis sa a) ki pote yo, souvan sou distans long, nan plizyè lekòl Nèg.

Paran timoun nèg yo peye taks pou tout lekòl yo, epi tout bagay sa a lakòz yon sistèm segregasyon rasyal....

Salitasyon espesyal pou ou
Chas. E. Bledsoe

Sous: Kansas Historical Society

7b Dapre Chas. E. Bledsoe, kisa ki **yon** pwoblèm ki te egziste nan sistèm lekòl Topeka, Kansas, nan ane 1950? [1]

Score

Dokiman 8a

Yo dekri Lyetnan-Kolonèl Marion Johnson, kòmandan twoup Lagad Nasyonal Arkansas, k ap vire do bay yon gwoup elèv Ameriken Nwa k ap chèche antre nan Central High School nan Little Rock nan dat 4 septanm 1957. Li te di li t ap aji sou lòd Gouvènè Orval Faubus pou pa aksepte yo nan lekòl la.



Sous: Arkansas National Guard

Dokiman 8b

Dekrè Egzekitif 10730

FASON POU BAY ASISTANS POU SIPRESYON YON OBSTRIKSYON LAJISTIS NAN ETA ARKANSAS

SEKSYON 2. Sekretè Ladefans lan gen otorizasyon epi yo mande li pou pran tout mezi apwopriye pou aplike nenpòt lòd Tribunal Distri Etazini pou Distri Lès Arkansas pou siprime obstriksyon lajistik nan Eta Arkansas anrapò avèk zafè ki asosye avèk enskripsyon ak prezans nan lekòl leta ki nan Distri Lekòl Little Rock, Little Rock, Arkansas. Nen egzekisyon dispozisyon seksyon sa a, Sekretè Ladefans gen otorizasyon pou itilize inite yo, manm inite yo, ki anwole nan sèvis militè aktif Etazini dapre Seksyon 1 Lòd sa a.

DWIGHT D. EISENHOWER

MEZON-BLANCH
24 Septanm 1957

Sous: Eisenhower Presidential Library & Museum

- 8 Dapre dokiman sa yo, pou kisa Prezidan Dwight D. Eisenhower te pibliye Dekrè Egzekitif 10730? [1]

Score

Dokiman 9

Ki lòt mouvman, kanpay, oswa kòz *Brown v. Komisyon te ede oswa enspire?*

Mike Wenger: Desizyon *Brown*, dapre sa mwen panse, te lanse batay Ameriken Nwa yo nan pwochen deseni an ak yon mwatye pou dwa konstitisyonèl yo.

Batay sa a te enspire yon kantite lòt mouvman, tankou mouvman pou dwa travayè agrikòl meksiken yo avèk Cesar Chavez alatèt li, ki te fòme Travayè Agrikòl Ini yo nan ane 1962.

Yo kapab swiv mouvman pou dwa egalego pou fanm yo ak pou dwa pou sitwayen andikape yo nan batay Ameriken Nwa yo pou dwa sivil yo, epi poutèt sa, nan desizyon *Brown*.

Sous: Excerpt of interview with Mike Wenger, special consultant to the Joint Center for Political and Economic Studies, "Brown v. Board Is...," *Teaching Tolerance*, Spring 2004 (adapte)

- 9 Dapre Mike Wenger, kisa ki te **yon** fason pou pran desizyon nan *Brown v. Komisyon Edikasyon Topeka* te afekte sosyete ameriken an? [1]

Score

Pati B

Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzamp ak detay. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Pandan tout istwa Etazini, Tribunal Siprèm Etazini te pran desizyon nan pwosè prensipal ki asosye avèk libète civil Ameriken Nwa yo. Diskisyon sa yo te gen yon konsekans enpòtan sou nasyon an. Kèk nan pwosè sa yo se te **Dred Scott v. Sanford (1857)**, **Plessy v. Ferguson (1896)**, ak **Brown v. Komisyon Edikasyon Topeka (1954)**.

Sa pou fè: Itilize enfòmasyon ki sòti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote y ap mande w pou

Chwazi **de (2)** pwosè Tribunal Siprèm ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz pwosè a
- Diskite sou konsekans desizyon Tribunal Siprèm sou Etazini ak/oswa sou sosyete ameriken an

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzamp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik ak klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

REGENTS EXAM IN U.S. HISTORY AND GOVERNMENT HAITIAN CREOLE EDITION